

**Комсомолхэм я зэхыхьэ гуапэ**

2-нэ нап.



**КъэкIуэнум хуэусэрт**

3-нэ нап.



**Зы лъэбакъуэкIэ къокIуэтыж**

3-нэ нап.



**«ЩыкIуращ»**

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№130 (24.412) • 2022 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 1, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

**Мазэм ит мэлыхъуэр**



4-нэ нап.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ/Iапiэхэм къызэратамкIэ*



## Зэлэжьынухэм топсэлъыхь

**Иджыблагъэ Москва къалэ щыщызэIущIам УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Новак Александррэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ тепсэлъыхьащ «Эльбрус» турист екIуэлIапIэ-зыгъэпсэхупIэм къыпэщылъ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ зыужьыныгъэмрэ.**

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, екIуэкIащ «Эльбрус» ВТРК-м зегъэужьыным елэжь гупым, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ КАВКАЗ.РФ-м я лIыкIуэхэмрэ зыхэта зэIущIэ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм вице-премьерыр щигъэгъуэзащ «Эльбрус» зыгъэпсэхупIэр нобэрей гъащIэм къигъэув мардэхэм пэлъэщын хуэдэу абы щрагъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм. КIуэкIуэм зэрыжиIамкIэ, «Эльбрус»-м зэхуэмыдэу лэжьыгъэ 13 щагъэзащIэ нобэкIэ. Абыхэм ящыщщ кIапсэ гъуэгухэр ухуэныр, Iэгъуэблагъэр къещIэкIыныр, транспорткIэ къызэгъэпэщыныр, лъэрыжэ лъагъуэхэр пхышыныр, IэрыщI уэс къызэрырагъэс Iэмэпсымэр зэтеухуэныр, а псори электрокъарукIэ къызэгъэпэщыныр, псы зэрекIуалIэ, къагъэсэбэпар къызэрыщIашыж бжьамийхэр щIэлъхьэныр, ятIэпсымрэ уэсукхъуэмрэ цIыхухэр щызыхъумэн Iэмалхэр къэгъэсэбэпыныр, нэгъуэщIхэри. И лэжьыгъэр зэтраублэжынущ «Приют одиннадцати» хьэщIэщми. ЗэрыжаIэмкIэ, ар иратынущ УФ-м и МЧС-м и лъыхъуакIуэ гупым. КАВКАЗ.РФ-рэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ зэпэщ ящIыжынущ мы зыгъэпсэхупIэ щIыпIэр.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, я нэгу зрагъэужьыну КъБР-м къекIуалIэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэм къыхэкIыу, мы Iуэхум гулъытэшхуэ хуэщIыпхъэщ. Къапщтэмэ, 2022 гъэм и мазибгъу блэкIам къриубыдэу КъБР-м щыхьэщIащ цIыху мелуаным щIигъу. Абыхэм я процент 70-р здэщыIар «Эльбрус» зыгъэпсэхупIэрщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, зыгъэпсэхупIэр зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэхэр мыбы щаухуэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ къулыкъущIэхэр.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм Новак арэзы техъуащ, адэкIи ирагъэфIакIуэ зэпыту Iуэхур кIуэтэн папщIэ яубзыхуа лэжьыгъэм Iэ щIидзащ.

Къалащхьэм щекIуэкIа зэхуэсым апхуэдэу щытепсэлъыхьащ мылъку зыхуаутIыпща адрей Iуэхухэри зэрагъэзащIэм. Абыхэм ящыщщ нобэрей мардэхэм къезэгъыу Шэджэм щаухуэ теплицэр. Абы и пкъыр ягъэув. МылъкукIэ щIэгъэкъуэн хуэхъур Урысейм и АПК-м хиубыдэ IуэхущIапIэ лъэрызехьэрщ, илъэс псом хадэхэкIрэ мэракIуэрэ къехьэлIэнымкIэ зэфIэкI зиIэу къалъытэрщ. Мы теплицэм илъэсым къриубыдэу помидор тонн мин 60 къыщрахьэлIэну жаIэ, абы къыпеуэфын Кавказ Ищхъэрэм зэкIэ щыIэкъым.

Апхуэдэу зэтраублэжынущ вольфрамымрэ молибденымрэ къыщыщIахыу Тырныауз дэт комбинатым и лэжьыгъэри. Абы и фIыгъэкIэ цIыху мин бжыгъэхэм лэжьыгъэ ягъуэтынущ, налогыу къыхэкIым къыхэхъуэнущ, жыпIэнурамэ, щхьэпэнущ Iуащхьэмахуэ куейм зиужьынымкIэ.

ПсэупIэхэм я гугъу пщIымэ, къыхэгъэщыпхъэщ Налшык къалэм и хьэблэщIэхэу Меймрэ Восточнэмрэ щекIуэкI ухуэныгъэхэр. Ахэр федеральнэ, щIыналъэ лъэпкъ проектхэм япкъ иту зэфIах Iуэхущ.

## КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зыкъыхуагъазэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм и Президентым и IуэхущIапIэу Налшык къалэм дэтым иджыблагъэ щаIущIащ я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIа цIыхухэм.**

ЛЪЭIУ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ республикэм и унафэщIым зыкъыхуагъэзащ нэхъ хуэмыщIауэ псэу унагъуэшхуэхэм, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм ящыщу гугъуехь пыухыкIахэм хэхуахэм я лIыкIуэхэм.

Тхьэусыхафэхэм ящыщ зыр теухуауэ щытащ сабий Iэрызехьэм, зэпымыууэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыным хуэныкъуэм.

Дэтхэнэ лъэIуми теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыхуэфащэ IэнатIэхэм къалэн пыухыкIахэр яхуигъэуващ. Республикэм и унафэщIым зыкъыхуэзыгъэза псоми гулъытэ ягъуэтынущ.

## Курыт еджапIэхэм хэхауэ егугъунущ

**Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ ухуэныгъэ инхэм япыщIа Iуэхухэмкiэ штабым тхьэмахуэ зэхуаку къэс къызэригъэпэщ зэIущIэр. Абы щыхэплъащ социальнэ IэнатIэм пыщIа ухуэныгъэхэм зэрелэжьым.**

ЛЪЭПКЪ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ тету республикэм дызэрыт илъэсым щаухуэ, щызэрагъэпэщыж, щрагъэфIакIуэ апхуэдэ IуэхущIапIэу 123-рэ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ хьэзыр ящIакIэщ. Илъэсым щыщу къэна зэманым лажьэу ятIыпщынущ иджыри IуэхущIапIэ 11. Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым махуэ къэс кIэлъоплъ. Республикэм и Iэтащхьэм къалэн зэращищIам тету зыхуэфащэ министерствэхэмрэ муниципалитетхэм я администрацэхэмрэ ткIийуэ къапщытэ лэжьыгъэхэр и зэманым зэрызэфIагъэкIыр, абыхэм я фIагъыр.

Дыгъуасэрей зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэедрэ КъБР-м ухуэныгъэмкIэ и министр Бэрбэч Алимрэ. Гулъытэ хэха хуащIащ школыщIэхэр зэраухуэм. Псори зэхэту еджакIуэ 1785-рэ зэкIуэлIэну апхуэдэ IуэхущIапIэщIэхэр дызэрыт илъэсым кърихубыдэу къыщызэIуахыну я мурадщ Прохладнэм, Нарткъалэ, Куба къуажэм. Ахэр «Егъэджэныгъэм зегъэужьын» федеральнэ къэрал программэм ипкъ иткIэ ящI. Апхуэдэу Прохладнэ къалэм нэгъуэщI зы курыт еджапIи щаухуэ, етIуанэ школыр щызэрагъэпэщыж. Нарткъалэ курыт школхэм я унэу плIы щызэрагъэпэщыж, дызыхуэкIуэ илъэсым абы нэгъуэщI зы школыщIи къыщрагъэжьэнущ. Куба къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м и етIуанэ унэр мыгувэу хьэзыр хъунущ.

Псори зэхэту 2023 - 2024 гъэхэм республикэм курыт еджапIэу 15 щаухуэнущ, 40-м нэблагъэ щызэрагъэпэщыжынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ курыт еджапIэхэр ухуэнымрэ зэгъэпэщыжынымрэ егъэджэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэшхуэм и зы Iыхьэу зэрыщытыр. «Ди школхэр, абыхэм я шхапIэхэр, спорт залхэр, лабораторэхэмрэ классхэмрэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ, унэлъащIэхэмкIэ къызыдогъэпэщ. Апхуэдэу информацэм и иджырей технологиехэр зыубгъуауэ щIэгъэкъуэн къыдощI, къуажэ нэхъ пхыдза дыдэхэми иджырей хэкIыпIэхэр къэгъэсэбэпынымкIэ Iэмалхэр ягъуэтын папщIэ. А псори мурад нэхъыщхьэ дыдэм - егъэджэныгъэм и фIагъымрэ ди сабийхэм зрагъэгъуэт щIэныгъэмрэ къэIэтыным - хуэунэтIащ», - къыхигъэщхьэхукIащ республикэм и унафэщIым.

# ЩIалэгъуалэм я Iуэхур япэ ирагъэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Жылагъуэ советым и зэIущIэр иджыблагъэ зэхэтащ. Абы къыщаIэтащ ди щIыналъэм щыIэ сабий, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм, ахэр зыхуэныкъуэм, щIэгъэкъуэн яхуэхъун папщIэ зэфIэхыпхъэ Iуэхугъуэхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Лу Азэмэт** сымэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, щIалэгъуалэм я зыужьыныгъэм ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхугъуэми мыхьэнэ иIэщ. «Жылагъуэ советым къыхилъхьа жэрдэмыр гъащIэм хэпщэн, гъуэгу етын зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Къэрал къулыкъущIапIэхэмрэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лэжьыгъэр зэщIагъэуIуэн, екIуэкI Iуэхугъуэхэм хуаIэ еплъыкIэхэмкIэ зэдэгуэшэн, щIалэгъуалэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ зэрыщIэн хуейщ. Адрей гъунэгъу хэгъэгухэм къащхьэщыкIыу, ди щIыналъэм и Iэтащхьэхэм сыт щыгъуи ныбжьыщIэхэм гулъытэ хэха хуащIу къэгъуэгурыкIуащ, а хабзэ дахэр дэри IэщIыб тщIы хъунукъым», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Егоровэм и псалъэм къыхэщащ къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIа министерствэщIэм - щIалэгъуалэм я Iуэхур дэзыгъэкI къулыкъущIапIэм - и Iэтащхьэ хъуа Лу Азэмэт Парламентым и ЩIалэгъуалэ къудамэм япэу хыхьахэм зэращыщыр. «Азэмэт ЩIалэгъуалэ парламентым сыт щыгъуи жану хэтащ, дапщэщи жэрдэмщIакIуэт, къыхилъхьэ пэхуэщIэхэми (проектхэми) щIэупщIэ ягъуэтырт. Лу Азэмэт КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и Къэрал Думэми кIуауэ щытащ», - къыхигъэщащ Егоровэм, щIалэгъуалэ политикэм игъуэт гулъытэр нэхъыбэ зэрыхъур къигъэлъагъуэу. Апхуэдэу къулыкъущIэм къыхигъэщащ зэIущIэр Лениным и цIэр зезыхьэу щыта комсомол зэщIэхъееныгъэм и махуэщIым ирихьэлIэу зэрырагъэкIуэкIыр, ар зэрыкъэралу щытепщэу, щIалэгъуалэр зыузэщI зэгухьэныгъэу зэрыщытами и гугъу ищIащ.

Лу Азэмэт зэрыжиIамкIэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ зи пашэ къулыкъущIапIэр щIалэгъуалэм ехьэлIа къэрал программэр зэхэгъэувэным иужь итщ. «Псом япэ дэ къэтхутащ ди щIыналъэм щекIуэкI щIалэгъуалэ политикэм хэлъ ехъулIэныгъэхэмрэ иIэ щыщIэныгъэхэмрэ. Аналитикэ лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, дэркIэ нахуэ хъуащ сыт хуэдэ унэтIыныгъэхэм нэхъ зеттын хуейуэ къытпэщылъми, дэтхэнэхэм нэхъ зегъэубгъупхъэми. Мыхьэнэ иIэу къэтлъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ щIыналъэхэм Iуэхугъуэ пыухыкIахэм ехьэлIа программэхэр етыным, ахэр ягъэзащIэурэ щIалэгъуалэр нэхъыбэу утыкум кърегъэшэным», - жиIащ Лу Азэмэт.

Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, нобэ нэхъ жыджэру щIалэгъуалэм ядэлажьэр «Юнармия» зи фIэщыгъэ ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэрщ. Абы къищынэмыщIауэ, хэкупсэ Iуэхугъуэ куэд ирегъэкIуэкI «ЕджакIуэхэм я урысейпсо зэщIэхъееныгъэм». «Зи цIэ къитIуа ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм жыджэру холэжьыхь, я зэфIэкIхэр щагъэлъагъуэ, волонтёр IэнатIэр къащылъысри мащIэкъым», - жиIащ Лу Азэмэт.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо зэщIэхъееныгъэм и къудамэр ди щIыналъэм къыщызэгъэпэщынымкIэ жылагъуэ штаб зэрызэхашэм. Лу Азэмэт зэIущIэм хэтхэм гу зэралъригъэтамкIэ, зэщIэхъееныгъэр хуэщхьэпэнущ сабий гъэсэныгъэм епхауэ щыIа хабзэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным. «Мы зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ идот, сыту жыпIэмэ ар КъБР-м и Iэтащхьэми, и Правительствэми, УФ-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и къулыкъущIапIэми къытхуагъэув къалэнхэр щытхуэгъэзэщIэну утыкуу доплъ. Урысейпсо зэгухьэныгъэм и программэм щIыналъэ Iыхьэр зэрыхэдухуэнэнум иджыпсту жыджэру дытолажьэ. Жылагъуэ штабым и унафэр зэригъэкIуэну дзыхь хуэтщIащ Шыпш Аслъэн. Ар щIалэгъуалэм ядэлэжьащ, жылагъуэ жэрдэмхэр къыхилъхьэу, егъэджэныгъэм хэтащ, къэрал IэнатIэми пэрытащ. Урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIыну дызыщыгугъ Iуэхугъуэхэм къыхэтшэнущ ди щIыпIэм щыпсэу, щIалэгъуалэм я зыужьыныгъэр зыгъэпэрыт жэрдэмщIакIуэхэр. Абы хиубыдэнущ студентхэмрэ еджакIуэхэмрэ. Шэч хэлъкъым зэщIэхъееныгъэм адэ-анэхэри, гъэсакIуэхэри, ущиякIуэхэри, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэтхэри къызэрыхыхьэнум. Ди фIэщ мэхъу зэщIэхъееныгъэм зиубгъумэ, цIыху нэхъыбэ къыхыхьэрэ и мурадхэр защIэу хуежьэмэ, ифI куэд ди цIыхубэм къазэрекIынум. Дэ дызыщыгугъыр къытщIэхъуэ щIэблэращ. Ахэращ ди къэкIуэнур. Абыхэм я Iуэху еплъыкIэм и мызакъуэу, я дуней еплъыкIэми зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, ди псэукIэр щIэщыгъуэ тщIыну дыхуеймэ, гъащIэм къигъэув зэхъуэкIыныгъэхэм далъэщIыхьэу, уеблэмэ ди Iыхьэ хэтлъхьэу дыпсэуну дыщIэхъуэпсмэ», - жиIащ Лум.

ЗэIущIэм и кIэухым Лу Азэмэт къыхигъэщащ министерствэр зэлэжь, «Къэбэрдей-Балъкъэрым 2023 - 2030 гъэхэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьыным и IуэхукIэ» зи фIэщыгъэ къэрал программэм сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэгухьэныгъэхэм хэша зэрыхъунум ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къызэрилъытэнури.



# Хабзэ нэхъыщхьэмрэ жэрдэмхэмрэ хоплъэ

**КъБР-м и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм депутатхэр щыхэплъащ республикэ, федеральнэ закон зыбжанэм я проектхэмрэ хабзэмкIэ жэрдэмхэмрэ.**

IУЭХУГЪУЭ нэхъыщхьэр зытеухуауэ щытар «КъБР-м и бюджетыр 2023 гъэм, 2024, 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектырт. ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ КъБР-м и Парламентым къыхилъхьа дэфтэрхэр Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и Iыхьэ 184.2-мрэ «КъБР-м и бюджет ухуэкIэм теухуауэ» Законым и Iыхьэ 29-м и 4, 5-нэ пычыгъуэхэмрэ зэрезэгъыр.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым къигъэлъэгъуащ «КъБР-м и бюджетыр 2023 гъэм, 2024, 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектым хэплъэныр къащтэну.

Абы теухуауэ къыщыпсалъэм, зи гугъу тщIы комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** къыхигъэщащ КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм законопроектыр жыпхъэ псоми тету зэригъэхьэзырар икIи Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я налог, бюджет политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр абы къызэрыщалъытар. ЩIыналъэм и хэхъуэхэр къызыхэкIынур тращIыхь Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр 2023 гъэм, 2024, 2025 гъэхэм зыхуэдэнум.

- Законопроектым къыщыгъэлъэгъуащ республикэм и дэфтэр нэхъыщхьэр зэрызэхэлъыр. Хэхъуэхэр сом мелард 52-рэ мелуан 241,9-рэ хъуну хуагъэфащэ, къагъэсэбэпыну зыхуеинур - сом мелард 55-рэ мелуан 921,5-рэ. ЩIыналъэр сом меларди 3-рэ мелуан 679,6-м щыщIэну къэгъэлъэгъуащ, - жиIащ АфэщIагъуэм.

**Егоровэ Татьянэ** депутатхэр къыхуриджащ республикэм и министерствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я гъусэу, дэфтэрым набдзэгубдзаплъэу хэплъэну.

Проектым зэман гъунэгъум комитетхэм щыхэплъэнущ, иужькIэ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм щызэпкърахынущ. Дэфтэрым зыщыщыбгъэгъуэзэфынущ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и сайтым: https://parlament.kbr.ru.

ЗэIущIэм щыхэплъащ нэгъуэщI законопроект зыбжанэми: «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2023 гъэм, 2024, 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ», «КъБР-м и бюджетыр 2022 гъэм, 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2022 гъэм, 2023, 2024 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн», «КъБР-м и бюджетыр 2023 гъэм, 2024, 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и законым ипкъ иткIэ КъБР-м и законодательнэ актхэм я гуэдзэн щхьэхуэхэр мылажьэу къызэтегъэувыIэным теухуауэ».

Зыхэплъа Iуэхухэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыхуей щыхуэгъэзэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектыр. КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI **Токъу Руслан** зэрыжиIамкIэ, Урысей Федерацэм и ПсэупIэ кодексым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм тету дэфтэрыр зэрагъэзэзэхуэжащ икIи ахэр зыхуегъэзэзар фэтэр куэду зэхэт унэхэм я щытыкIэр къызэрапщытэ щIыкIэр зэрырагъэфIэкIуэнырщ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «КъБР-м ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэину къалъытахэм ятеухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 15-нэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м законым и проектым.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и унафэщI **ТекIушэ Артур** и гугъу ищIащ «Экология» лъэпкъ Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэзащIэм теухуауэ» КъБР-м и Парламентым и унафэм кърикIуам.

КъБР-м и Парламентым Промышленностымкiэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI **Байдаев Сэлихь** тепсэлъыхьащ «КъБР-м гъуэгум шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ Iэмалхэм ятеухуауэ» КъБР-м и Парламентым и Президиумым къищта унафэр зэрагъэзащIэм.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хъусен** къызэщIикъуэжащ хущхъуэхэм я фIагъымрэ цIыхухэр абыхэмкIэ къызэгъэпэщыным зэрыкIэлъыплъымрэ ятеухуа унафэр зэрагъэзащIэм.

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур щэкIуэгъуэм и 2-рщ.**

## Я зэфIэкI псори ирахьэлIэ

**Дзэ, хабзэхъумэ, шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэм, МЧС-м я лэжьакIуэхэм папщIэ фащэ щаду Бахъсэн къалэм дэт «Воентекстильпром» IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр щIигъэхуэбжьащ.**

- ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩИ, Урысейм и «Военторгым» и жьауэм щIэт мыпхуэдэ предприятэхэм иджыпсту бэлэрыгъыпIэ диIэкъым, зауэм Iут ди щIалэхэр щыгъыныгъуэхэмкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм дащыщщ. Ди лэжьакIуэхэм яхэтщ зи бын, зи Iыхьлы Украинэм щыIэхэр; абыхэм лейуэ къагурыгъэIуэн хуейкъым жэуаплыныгъэ ин тхэлъу лэжьыгъэр къетхьэлIэн, IэнатIэм дызэрыпэрытын хуей сыхьэт бжыгъэми зэрыщIедгъэгъупхъэр, - жиIащ IуэхущIапIэм и унафэщI Хьэмыку Лерэ.

Дзэм къулыкъу щызыщIэхэм папщIэ предприятэм зы тхьэмахуэм кърихубыдэу къыщIегъэкI щыгъыныгъуэу мини 6-м нэс икIи абыхэм я фIагъым ткIийуэ кIэлъоплъ техникэ къэпщытэныгъэхэмкIэ къудамэр. Хьэзыр ящIа фащэхэр Урысейм и щIыпIэ 27-м (абыхэм Москва, Ростов, Самарэ хуэдэ къалэшхуэхэри яхэту) ирагъашэ. УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, япэм зы мазэм хуэзэу фащэу ядыр мин 15-т, иджыпсту апхуэдиз тхьэмахуитI пIалъэм къыщIагъэкIын хуей мэхъу. Ар, дауи, тыншкъым, ауэ нобэ ди зауэлIхэр зэрыт щытыкIэ гугъур къызыгурыIуэ лэжьакIуэхэр еш ямыщIэу Iуэхум пэрытщ. Предприятэм и лэжьыгъэм къыхагъэхъуа щхьэкIэ, цIыху лей къащтэн хуей мыхъуу, а яIэ бжыгъэр пологъэщ.

**БАЛЪКЪЫЗ Аминэ.**



# Комсомолхэм я зэхыхьэ гуапэ

**Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм жэпуэгъуэм и 26-м щрагъэкIуэкIащ «Си гъащIэр комсомолым пыщIащ» зэхыхьэ гуапэр. Комсомолым и махуэм ехьэлIа пшыхьыр къызэрагъэпэщащ КПРФ-м Налшык къалэм щиIэ комитетым и жэрдэмкIэ. Ар иригъэкIуэкIащ коммунист, «ЦIыхубзхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ - Урысейм и гугъапIэ» жыхуиIэм и унафэщI Черновэ Алёнэ.**

ПШЫХЬ гуапэм зыкърезыгъэхьэлIахэр еплъащ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, и фондым щахъумэ, художник цIэрыIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр щызэхуахьэса «Симфония труда» выставкэм.

- Комсомолым и ветеранхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэIущIэм ирихьэлIэу дгъэхьэзыра гъэлъэгъуэныгъэм мы лэжьыгъэ купщIафIэхэр хэдгъэхьащ. Ди нэхъыжьыфIхэм я дежкIэ гъащIэм щынэхъапэу щытар республикэм, къэралым я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэщIыныртт, - жиIащ музейм и унафэщI Ремхен Еленэ. - Къэралыр егъэфIэкIуэным, экономикэр гъэбыдэным теухуа лэжьыгъэ куэд я Iэдакъэ къыщIэкIащ совет зэманым псэуа художникхэм.

НыбжьыщIэхэм я библиотекэм и лэжьакIуэхэми етIуанэ къатым выставкэ щIэщыгъуэ щагъэуващ. Абы хагъэхьащ комсомолым и тхыдэм ехьэлIа тхылъ хьэлэмэтхэр.

Налшык щыщ щIалэгъуалэм яIущIащ лэжьыгъэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэм, партымрэ комсомолымрэ я ветеранхэр. Комсомолым теухуа я гукъэкIыжхэмкIэ ахэр щIалэгъуалэм ядэгуэшащ. Къызэхуэсахэм щIалэгъуалэм я цIэкIэ захуигъэзащ Гъурыжь Инал. Комсомолым и ветеранхэм выставкэхэм хагъэхьа сурэтхэм езыхэмрэ я ныбжьэгъухэмрэ къыщацIыхужауэ тепсэлъыхьырт.

КърихьэлIахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ, зэIущIэм хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и япэ секретарь Пащты Борис. Абы «100 лет СССР» медалыр иритащ къалэм и ветеран зэгухьэныгъэм жыджэру хэт, Хэку зауэшхуэм и ветеран Антоненкэ А. Апхуэдэу комсомол билетхэр иратыжащ Налшык щыщ щIалэгъуалэм.

Выставкэхэм цIыхушхуэ къекIуэлIащ. Псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм ахэр яфIэгъэщIэгъуэну музейм и лэжьакIуэхэм упщIэ куэдкIэ зыхуагъэзащ, а лэжьыгъэхэм я гупэм къиту сурэтхэр зытрагъэхащ.

Зэхуэсым хэтхэм я нэгу зрагъэужьащ «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и «Альтернатива» гупым (унафэщIыр Жамбэч Маритэщ). Къэхъун къуажэм и курыт еджапIэ №2-м щыщ пионер ныбжьыщIэ Урыс Милани зэхыхьэм хэтхэм комсомолхэм ятеухуа усэ къахуеджащ. Хэкум, комсомолым я пщIэр зыIэт уэрэдхэр жаIащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Ташло Алий, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ Шэрджэс Iэсият, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Мамий ФатIимэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дым Эльдар, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



# Журналистхэр зочэнджэщ

**Щэбэт кIуам Москва щекIуэкIащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и XIII зэхуэсыр. Абы хэтащ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэхэм ящыщ лIыкIуэ 326-рэ.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым икIауэ зэхуэсышхуэм хэтащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шаваевэ Разият, «1КъБР» щIыпIэ каналым и Iэтащхьэ Конаревэ Наталье, «Бахъсэн» газетым и редактор нэхъыщхьэ Балъкъыз Аминат, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Жангуразовэ Нажабат сымэ.

ЗэIущIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьащ. Ахэм пыухыкIауэ къытеувыIащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Соловьев Владимир. Абы къыхигъэщащ блэкIа илъэситхум зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр зыхуэдэр, дяпэкIэ нэхъыщхьэу гу зылъытапхъэхэр, журналист IэщIагъэм и Iулыджыр къэIэтыныр, медиа IэнатIэр нэхъри зэрегъэфIэкIуапхъэ Iэмалхэр, нэгъуэщIхэри. Зэхуэсышхуэм Журналистхэм я зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм щыхагъэхьащ Урысейм и щIыналъэщIэхэу Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэмрэ Запорожье, Херсон областхэмрэ я щIыналъэ къудамэхэр.

Зэхуэсым гулъытэ хэха щыхуащIащ шынагъуэншагъэм. Уеблэмэ Соловьевым къыхилъхьащ дзэ Iуэху хэхахэр щекIуэкI щIыпIэхэм щылажьэ дзэ журналистхэр абы щызауэхэм хуэбгъадэ зэрыхъунур. Къапщтэмэ, езы Донецк, Луганск щIыналъэхэм къикIа ди лэжьэгъухэми жаIащ Донбасс журналистхэр зэрыхуримыкъур.

ДНР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Петренкэ Виктор жиIащ я щIыналъэм репортерхэр зэрыщымащIэр икIи хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ журналистхэр командировкэ ДНР-м кIуэну къыхуриджащ.

Хъыбарегъащ1э IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я Iуэхур шынагъуэу зэрыщытым щытепсэлъыхьым, унафэщIым къыхигъэбелджылыкIащ журналистыр, япэм елъытауэ, иджы нэхъыбэрэ псэзэпылъхьэпIэ зэрихуэр. Иджыпсту ЛНР-м журналист 500 щолажьэ, апхуэдиз дыдэ щыIэщ ДНР-м. Ахэр военкорхэм я закъуэкъым, атIэ Донбасс, Херсон, Запорожье щIыналъэхэм иджыкIэ щекIуэкI гъащIэр къэзыгъэлъагъуэхэщ.

УнафэщIым гулъытэ хэха хуищIащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и «инфорум» онлайну щрагъаджэ сайтым. БлэкIа илъэситхум семинар 50 къызэригъэпэщащ урысей союзым, абы я щIэныгъэм щыхагъэхъуащ ди къэралым и щIыналъэ пщIы бжыгъэхэм къикIахэм.

«МК» газетым и редактор нэхъыщхьэ Гусев Павел къыхилъхьащ дяпэкIэ журналистхэм шынагъуэншагъэмкIэ карточкэ иратын зэрыхуейр. Ар пэкIухэм, нэгъуэщI цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм ягъакIуэ журналистхэм къахуэсэбэпынущ.

- Карточкэр псоми етын хуейуэ аракъым, атIэ «губгъуэм» итхэм яIэн хуейщ, хабзэм и хъумакIуэхэм ирагъэлъагъуу. Армыхъумэ, куэдрэ къохъу фотокорреспондентхэмрэ репортерхэмрэ, адрейхэм хуэдэу, щызэбграху. Ахэр хъыбар мыфэмыцхэр интернетым къизылъхьэ блогерхэракъым, атIэ журналистщ, къэрал Iуэхущ1апIэм къикIауэ, - жиIащ Гусевым.

ЕтIуанэу Гусев Павел къызытеувыIахэм ящыщщ къуаншагъэр гъэзэкIуэжын хуейуэ и чэзу зэрыхъуар - Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм творческэ статус етыжын хуейуэ игъуэу къызэрилъытэр.

- Къэрал псом щылажьэ журналист зэгухьэныгъэхэр зыхэт IуэхущIапIэ лъэрызехьэщ Соловьев Владимир зи унафэщIыр. Ауэ абы иджыри къыздэсым творческэ цIэр зэрихьэркъым. Архитекторхэм я зэгухьэныгъэр творческэщ, тхакIуэхэм, сурэтыщIхэм, дизайнерхэм я союзхэр творческэщ, журналистхэм ейм апхуэдэ статус иIэкъым. Ар совет властым къыщIэна парт унафэу аращ. Журналистыр унафэщI гуэрым и нэIэ щIэтын хуейуэ ялъытэрт, творческэу гупсысэу, тхэуэ щыт хъунутэкъым. Иджыпсту зэманым зихъуэжащ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр лIэужьыгъуэ куэд хъуащ. Иджы Журналистхэм я зэгухьэныгъэр иужь ихьэрэ союзым творческэ статусыр иригъэгъуэтыжамэ, хъарзынэ хъунут. Журналистым и лэжьыгъэм нэхърэ нэхъ творческэ, улъыхъуами, бгъуэтынукъым, - игъэбелджылащ Гусев Павел.

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и XIII зэхуэсым абы и унафэр зыIэщIэлъынухэр щIэуэ щыхахащ. Союзым и тхьэмадэу хахыжащ Соловьев Владимир. Зэгухьэныгъэм и Секретариатым, Контрольнэ комиссэм хэтынухэр IэIэткIэ хахащ. Апхуэдэу Федеративнэ советым щылэжьэнухэм я цIэр къраIуэри, арэзы техъуащ, абыхэм яхэтщ ди республикэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шаваевэ Разият. Зэгухьэныгъэм и КъэпщытакIуэ Иным и центральнэ коллегием и унафэщIыр, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм щIыхь зиIэ и унафэщIыр хахащ.

ЗэIущIэм и кIэух Iыхьэм Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр 2022 - 2027 пIалъэхэм зэлэжьынухэр щаубзыхуащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**● ЗэIущIэхэр**

# Жылагъуэр мамырыным телажьэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и зи чэзу зэIущIэ зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ защыхъумэным, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным.**

МЫ зэманым нэхъри дызыгъэпIейтей хъуа Iуэхугъуэм егъэщIылIауэ зэфIагъэкIахэмрэ зэлэжьхэмрэ ятеухуауэ мыбы къыщыпсэлъащ лъэпкъ, жылагъуэ проектхэмкIэ министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат, Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артуррэ абы и къуэдзэ Оганезова ФатIимэтрэ, Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Хур Тимур сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и нэIэ тригъэтщ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм, дин зэмылIэужьыгъуэ зезыхьэхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, шынагъуэ, гуауэ къэмыгъэхъуным хуэунэтIауэ къэрал программэр ди щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм. Апхуэдэ лэжьыгъэр гъэзэщIа зэрыхъумкIэ жэуап зыхьынухэр щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэм я къуэдзэхэу ар зи пщэ далъхьахэмрэ зи IэщIагъэкIэ, щIэныгъэкIэ мы Iуэхум епхахэмрэщ. Апхуэдэ лэжьапIэ IэнатIэхэм я бжыгъэр 33-рэ мэхъу. Абы щыщу 26-р районхэмрэ къалэхэмрэ щолажьэ икIи зэфIагъэкIамрэ къапэщылъымрэ мазищ къэс къапщытэ. Лъэпкъ е дин теухуауэ зэгурымыIуэныгъэ къэмыхъун папщIэ, хъыбар къаIэрыхьэхэр гулъытэншэу къагъанэркъым, ар къызыбгъэдэкIхэмрэ хабзэм къемызэгъ Iуэхугъуэ къызэригъэпэщыну жэрдэм зыщIхэмрэ къапщытэ.

«Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэн», «Къэбэрдей-Балъкъэрым диным хуэлажьэ IэнатIэхэр щегъэфIэкIуэн» програмэхэм япкъ иткIэ, жылагъуэ организацэу 11-м ди республикэм и бюджетым къыхэкIыу ахъшэу мелуаниплIым щIигъу хуаутIыпщащ. Мы лэжьыгъэм ехьэлIауэ илъэс блэкIам министерствэхэм, район, къалэ администрацэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ Iуэхугъуэ 20-м щIигъу къызэрагъэпэщащ. Апхуэдэхэщ «Куначество-2022» щIалэгъуалэ проектыр, «Религия и уважение-2022» республикэпсо зэпеуэр, «Эльбрус-2022», илъэс 15 - 18 зи ныбжь, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ къыхэкIахэм я лагерыр.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщащи, 2022 гъэм ди республикэм экстремизмэм, терроризмэм, лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэм и нэщэнэ зыхэлъ, дыщIэгузэвэн Iуэху къыщыхъуакъым. Мамыру дыпсэуным хуэунэтIауэ лэжьыгъэшхуэ республикэм зэрыщекIуэкIыр дяпэкIи ди шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщынущ.

**ШАФИЙ Аслъэн.**

# Къалэмрэ бжьыхьэмрэ

**Уэфlу екIуэкI бжьыхьэм гъуэгуухуэ IуэхущIапIэхэм къапэщылъ къалэнхэр сыткIи къащегъэпсынщIэ. Iуэхум и нэхъыбэр, зэрыфлъагъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу зэфIагъэкIащ, иджыпсту къэнахэр икIэм нагъэсыж.**

ГОЛОВКО и цIэр зезыхьэ уэрамым и лъэс зекIуапIэр зэIузэпэщ ящIащ: асфальтри къэухьхэри щIэуэ тралъхьащ, автобус къэувыIэпIэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, псы зрикIуэ бжьамийхэр щахъуэжащ, ток кIапсэхэр иджырей дунейпсо мардэхэм тету щIыщIагъкIэ щаукъуэдиящ.

Мы зэманым коммунальщикхэм газонхэр къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм пащэ: къэухькIэ дахэу къащIыхьа жыг лъабжьэхэм, къанэ щымыIэу, щIыщIэ иракIутэ. НэхъапэIуэкIэ зэтес ящIа щIыпIэхэм удз щхъуантIэпсхэр къытеувэну хунэсыжащ. Иджыпсту къалэ сымаджэщым и Iэшэлъашэм щолажьэ. Абдежым автобус къэувыIэпIэщIи щаухуащ.

Абы къыдэкIуэу гъущI хъарым къыхэщIыкIа къэухь дахащэхэр щагъэув щIэуэ яухуэ сабий поликлиникэм хуэзэ гъуэгубгъум. ЗэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, абдежым телъа асфальтыр телэжьыкIарэ, уэшхыпс ириубыдэм цIыхум къыпакIухь мыхъумэ узэпрымыкIыфу щытащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# НОБЭ

### КъигъэзэжынкIэ шынагъуэ щыIэщ

**Китайм иужьрей махуэхэм зэуэ щыдэуеящ коронавирус узыфэ зэрыцIалэр зыпкърытхэм я бжыгъэр. Къэралым ис апхуэдэ сымаджэхэр 2675-рэ хъурт жэпуэгъуэм и 30-м, ар ипэ махуэм къагъэлъэгъуа бжыгъэм нэхърэ 802-кIэ нэхъыбэт. Абы къыхэкIыу COVID-19-мрэ абы пыщIа хабзэ ткIийхэмрэ къытрагъэзэжынкIэ шынагъуэ щыIэу къэралым къилъытащ.**

«BLOOMBERG» къыдэкIыгъуэм къызэритымкIэ, къэралым и провинцэхэр 31-рэ мэхъури, абыхэм я нэхъыбэм, экономикэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ зызыужьа районышхуэхэр хиубыдэу, вирусым егъэлеяуэ псынщIэу зыщеубгъу. Шанхай зыгъэпсэхупIэмрэ «Walt Disney» нэгузегъэужьыпIэмрэ блыщхьэм зэхуащIащ, пандемием земыгъэубгъунымкIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпын зэрыхуейр и щхьэусыгъуэу.

### И кIэм нэблэгъащ

**«Объясняем.рф.» сайтым зэритымкIэ, УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей къэралым и цIыхухэр хэхауэ дзэ къулыкъум еджэжыным теухуа Iуэхур зэрекIуэкIым щигъэгъуэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.**

МИНИСТРЫМ и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, цIыху мин 218-р дзэ хуэIухуэщIэхэм зыщыхуагъэсэж щIыпIэхэм, мин 82-р Украинэм зауэ Iуэху хэхахэр щрагъэкIуэкI и щIыналъэхэм щыIэщ, абыхэм ящыщу мин 41-м щIигъур къалэн пыухыкIахэр зи пщэ дэлъ взвод, ротэ, батальон щхьэхуэхэм хагъэхьащ. Зауэм хэтхэм «ветеран» цIэр фIащынущ икIи пэкIуэ социальнэ льготэхэри иратынущ.

«Къэралым и цIыхухэр хэхауэ дзэ къулыкъум еджэжыным теухуа Iуэхур зэфIэкIащ. Абы и лъэныкъуэкIэ военкоматхэм цIыхухэм хъыбар ирагъэщIэжыркъым. Къалэн къытщыпщIа бжыгъэр - цIыху мин 300-р - дзэм еджэжащ», - жиIащ Шойгу.

Министрым къызэригъэлъэгъуамкIэ, военкоматхэр иджыпсту зыдэлажьэр езыхэм яфIэфIу, зэгурыIуэныгъэкIэ зауэ Iуэху хэхахэр щрагъэкIуэкI щIыпIэхэм кIуэну жэрдэм зыщIахэрщ.

### ЩэкIуэгъуэм и 1, *блыщхьэ*

✦**Урысей Федерацэм и Суд Приставхэм я махуэщ**

✦**Урысейм менеджерым и махуэр щагъэлъапIэ**

✦**1922 гъэм** Налшык парт школ къыщызэIуахащ.

✦**1936 гъэм** Налшык Урыс къэрал драмэ театр къыщызэIуахащ.

✦**1917 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Кулиев Къайсын**.

✦**1938 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **ГуэбэщIыкI Жантемыр**.

✦**1947 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыгъушэ Хьэсэн**.

✦**1966 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШР-м щIыхь зиIэ и экономист **Уэз Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градус 1 - 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

# Суд приставхэм я махуэщ

***УФ-м и Президентым 2009 гъэм къыдигъэкIа «Суд приставхэм я махуэр гъэувыным теухуауэ» указым ипкъ иткIэ щэкIуэгъуэм и 1-м ягъэлъапIэ Урысей Федерацэм и Суд приставхэм я махуэр. Урысейм Суд приставхэм я IуэхущIапIэ къыщызэрагъэпэщрэ илъэси 157-рэ ирокъу. Абы ирихьэлIэу зыхуэдгъэзащ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт.***

**- Суд приставу лэжьэнухэр дауэ къызэрыхэфхыр?**

- Дэтхэнэ кандидатри IуэхугъуитIкIэ къыдопщытэ. Япэм, IэщIагъэкIэ ар зыпэрыувэну къулыкъум къигъэувхэм зэрыхуэкIуэр; IэнатIэм и унафэщIыр абы йопсалъэ. ЛэжьапIэм къэувыну хуитыныгъэ яIэщ илъэс 18 - 40 ныбжьым кърихубыдэхэр, экономикэ, юридическэ, психологие, педагогикэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэу я зэфIэкIымрэ узыншагъэмрэ а къалэнхэм пэлъэщынухэр. Абыхэм ящIэн хуейщ Конституцэм, федеральнэ законхэм, къэрал зэгурыIуэныгъэхэм, Президентым и указхэмрэ унафэхэмрэ, нэгъуэщI дэфтэрхэм къагъэувхэр.

ЕтIуанэ Iыхьэм, лъэIур къыщита махуэм щыщIэдзауэ мазищкIэ къапщытэ езым ехьэлIауэ къигъэлъэгъуахэм я пэжыпIэр, къарукIэ зэрыпсыхьар, и узыншагъэр зыхуэдэр, и псантхуэм елъытауэ къыхах.

А псом къагъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, суд приставу къащтэнум контракт иращIылIэ.

Абы и лъэныкъуэкIэ зэпкърыхауэ Iуэхум щыгъуазэ зыфщIыну, чэнджэщ фыхуеймэ Урысей ФССП-м и Управленэу КъБР-м щыIэм къэрал къулыкъумрэ кадрхэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIым зыхуэвгъазэ хъунущ мы телефонымкIэ: 8 (8662) 42-57-29, е мы хэщIапIэм фыкIуэу фыщыщIэупщIэ хъунущ: КъБР, Налшык къ., Арманд И.и уэрам, 43 «а».

**- ЛэжьапIэ къэувынур сыт зыщыгугъ хъунур, сыт хуэвгъэлъэгъуэфынур?**

- Япэрауэ, ди лэжьакIуэхэм улахуэ хъарзынэ къахь: и къулыкъум елъытауэ, звание иIэм, зэрылэжьа илъэс бжыгъэм, нэгъуэщIхэми елъытауэ абы хохъуэ хуэфащэ ахъшэ. IэнатIэм пэрыувэн ипэ, зэрагъэунэху пIалъэ щыIэщи, мазихкIэ лэжьыгъэм зэрыпэлъэщым кIэлъыплъынущ. Ар Iуэхум и пIалъэ фIыуэ зыщIэ IэщIагъэлIым и нэIэм щIэту ирихьэкIынущ. Илъэс къэс улахуэм проценти 4-кIэ хохъуэ, Урысей Правительствэм 2022 гъэм фокIадэм и 28-м къищта унафэ №1701-м ипкъ иткIэ мазэ къэс хущIагъунущ процента 5. Дызыхыхьэну илъэсыщIэм ар проценти 10 хъунущ. ЩIэуэ къэтщта лэжьакIуэм, лейтенант нэхъыщIэм къехь сом мин 52 - 55-рэ.

Абы къыдэкIуэу, илъэсым зэ зыгъэпсэхугъуэ пIалъэ яIэщ, я щыгъынхэмкIэ къызыдогъэпэщ, санаторэ зэрыкIуэну тхылъхэр ядот, ди санаторэ тенджыз ФIыцIэ Iуфэм щыIэ «Зелёная Долина»-м е Москва пэмыжыжьэ и щIыпIэ дахэм щыIэ «Озеро Белое» жыхуиIэм. Суд приставым махуэ 47-кIэ, абы щэбэт-тхьэмахуэхэри, махуэшхуэхэри хыхьэу, зигъэпсэхуну Iэмал иIэщ. Апхуэдэу къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм иращIылIэ зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ къыкIэлъыкIуэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыфынущ.

КъищынэмыщIауэ, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэми хуэдэу, социальнэ шэсыпIэхэр яIэщ. Илъэси 10-кIэ къулыкъум пэрытахэм псэупIэ къащэхуну е яухуэну Iэмал яIэщ, абы текIуэдэну зэ тыгъуэу социальнэ ахъшэр къаIэрыхьэу, илъэс 20-кIэ лажьэмэ, пенсэ ягъэкIуэнущ. Лэжьыгъэ IэнатIэр сыткIи тэмэму къызэрызэдгъэпэщыным яужь дитщ, кIэщIу жыпIэмэ, я къалэнхэр тэмэму зэфIагъэкIыным ехьэлIауэ зыхуеину псори яIэщ. Зыщыдгъэгъупщэркъым гъэсэныгъэ яхэлъхьэн зэрыхуейри. Абыхэм папщIэ идогъэкIуэкI спорт, щэнхабзэ Iуэхухэр, хэкупсэ, псапащIэ жэрдэмхэр ядыдоIыгъ. Гулъытэшхуэ яхудощI ди лэжьакIуэхэм я сабийхэми, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр къахузэдгъэпэщкIэрэ.

**- Узиунафэщ1ыр гупышхуэ?**

- Нобэ Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм щIыналъэм къудамэ 14 щиIэщ, ахэр республикэм и район псоми щолажьэ. Нэхъыбэ дыдэ щылажьэр Налшык къалэм щыIэ къудамэрщ - цIыху 98-рэ, гуп нэхъ цIыкIур Iуащхьэмахуэ район IэнатIэрщ - цIыху 18.



**- Къуэдыхэмрэ алиментхэмрэ егъэпшынын - ара фи лэжьыгъэ нэхъыщхьэр?**

- Ди лэжьыгъэр нэхъыбэм къазэрыщыхъур цIыхухэм ятелъ къуэдыхэмрэ алиментхэмрэ къыхэхыным хуэунэтIауэщ. Пэжыр жыпIэмэ, куэд щыгъуазэкъым суд приставхэм нэгъуэщI къалэн Iэджи я пщэ зэрыдэлъым. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, суд щащIэкIэ хабзэхэр къызэпемыгъэудыным кIэлъыплъыныр, жэуаптакIуэхэр, балигъыпIэ имыува сабийхэр къэлъыхъуэныр, шынагъуэу къалъыта объектхэм я лэжьыгъэр къызэтегъэувыIэныр, хабзэм къемызэгъыу ящIа ухуэныгъэхэр Iуегъэхыжыныр, щIыхуэ зэхуэмыдэхэр егъэпшыныжыныр, республикэм и властым и IэнатIэхэм ядэлэжьэныр.

Пэжщ, нэгъуэщI IэнатIэхэми хуэдэу, щыIэщ дэри гугъуехьхэми дыщыIууэ. Управленэм и аппаратым абы и щхьэусыгъуэхэмрэ щытыкIэмрэ зэхегъэкIри, Iуэхур фIы и лъэныкъуэкIэ зэфIэхыным къаруэ диIэ псори идохьэлIэ.

**- Суд приставым дауэ зыпащIэ хъуну, я щхьэкIэ яхуэзэну Iэмал ямыIэмэ?**

- Урысей ФССПР-р зызыужь IуэхущIапIэщ, и лэжьыгъэм информационнэ технологиещIэхэр жыджэру къыщегъэсэбэп. «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» порталым и «Цифровое исполнительное производство» суперсервисым Iэмал къует лъэIу, тхьэусыхафэ тхылъхэр ебгъэхьыну, щIыхуэ птелъмэ, упшыныжыну. Къэдгъэлъэгъуа псори апхуэдэуи щызэфIэпхыфынущ Урысей ФССП-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и официальнэ интернет-сайтым.

КъищынэмыщIауэ, мэлажьэ «линэ пщтыр» (телефонкIэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзых гуп) жыхуэтIэр. Махуэ къэс плъыр ди лэжьакIуитI къыщIэупщIэхэм ядоIэпыкъу, жэуап мы номерхэмкIэ врату: 8(8662) 42-71-60 е 42-25-69.

**- ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ущрохьэлIэ «Суд приставхэр ядэIэпыкъуащ...» псалъэхэм. Фи IэнатIэр дауэ цIыхухэм зэрадэIэпыкъур?**

- Мы гъэм мазаем къару зыгъуэта законыщIэм ипкъ иткIэ щIыхуэ зытелъхэм хуитыныгъэ яIэ хъуащ я ахъшэр щатхьэкъукIэ, упсэун папщIэ узыхуеину ягъэувар къызыхуигъэнэжыну. Абыхэм зыхуэфащэ тхылъыр ятх, суд пристав-гъэзэщIакIуэр хоплъэри, унафэ къещтэ. Апхуэдэу зыкъызэрытхуагъэза Iуэху мини 2,6-м щIигъур зэфIэтхащ. КъулыкъущIапIэм яхудечых дзэ къулыкъущIэхэу зи къалэныр езыхьэкIхэм, мобилизованнэхэри яхэту. Абыхэми лъэIукIэ зыкъытхуагъазэ, гъэзэщIапхъэу къащтэр къызэтедгъэувыIэну е пIалъэр яхуэдгъэIэпхъуэну. Щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ езыхэм зыкъытхуагъэзэну Iэмал ямыIэмэ, суд приставхэм абыхэм я лIыкIуэхэм лъэIур къыщыIах Урысей ФССП-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и дэтхэнэ IэнатIэми.

**- Фи IэщIагъэм и махуэшхуэм фи лэжьакIуэхэм, щIэджыкIакIуэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?**

- Си лэжьэгъухэм, IэнатIэм и ветеранхэм Суд приставым и махуэмкIэ сохъуэхъу. Узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, зэIузэпэщ псэукIэ яIэу я гъащIэр ирахьэкIыну си гуапэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм захуэзгъазэу жысIэну сыхуейт Суд приставхэм я IэнатIэр фи хуитыныгъэхэр хъумэным и щхьэщыжакIуэу зэрыщытыр. Дэ цIыхухэм дадоIэпыкъу захуагъэр къыщIэгъэщыжынымкIэ, зэфIэгъэувэжынымкIэ. УФССП-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и гупыр хьэзырщ я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэным я къару псори ирахьэлIэну.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Бгым щыхунур шхийм егъэлъэпэрапэ.**

КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу

# КъэкIуэнум хуэусэрт

*Адрейхэм хуэдабзэу, сэ си нэ*
*къыхуокIыр,*
*зэманхэр зэблэкIмэ,*
*псэукIэу фиIэнум.*
*Сыхуейт, сыпхылъэту илъэсхэм я*
*кIуэкIэм,*
*СыфIуплъэу, фи дыгъи, фи гъави*
*згъэфIэну.*
***К. Къ.***



КУЛИЕВ Къайсын 1917 гъэм Шэджэм Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Шэджэм Ищхъэрэм къыщызэIуахагъащIэ школым 1926 гъэм щIэтIысхьащ, итIанэ ар щеджащ Налшык дэт педагогикэ техникумым. Курыт еджапIэм щIэсу япэ усэ сатырхэр тхын щIэзыдза щIалэщIэр илъэс 17-м щынэсам и усэхэр газетхэм традзэ хъуат.

1935 гъэм Къайсын щIотIысхьэ Луначарскэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт ГИТИС-м. Ар Литературэ, Театр институтхэм зэгъусэу щоджэ. ЩIалэм и зэфIэкIхэр къалъытэри, 1938 гъэм хагъэхьэ СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. 1939 гъэм институтыр къеухри, Налшык къегъэзэж, Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым егъэджакIуэу щолажьэ.

Абы и япэ усэ тхылъыр, «Здравствуй, утро!» зыфIищар, 1940 гъэм дунейм къытохьэ. А илъэсым Къайсын дзэм къулыкъу щищIэну дашати, Прибалтикэм щыIэу Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. ЗэуапIэми и зэфIэкI емыблэжу щыIащ усакIуэр. Абы щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм Къайсын и Iэдакъэ къыщIэкIа усэ сатырхэр. Сталинград фронтым щыIащ балъкъэр щIалэр, «Сын Отечества» газетым и дзэ корреспонденту.

Зауэ нэужьым къэзыгъэзэжа усакIуэр езыр-езыру 1945 гъэм Кыргъызым мэIэпхъуэ, и лъэпкъэгъу ирашахэм я деж. Абы къыщигъэзэжар 1956 гъэращ. Игу къеуэ, и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэхэр къыхэщу зэкIэлъхьэпыту дунейм къытохьэ «Раненый камень», «Вечерний свет», «Книга земли», «Краса земная», «Вечер», нэгъуэщI усэ тхылъхэри. 1957 гъэм Москва къыщыдокI «Горы», «Хлеб и роза» усэ тхылъхэр. Кулиевыр лэжьащ КъБАССР-м, РСФСР-м я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я япэ секретару.

«Октябрь Революцэ», «Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь» орденхэр, «Хэку зауэшхуэ» орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр къыхуагъэфэщащ Къайсын. И усэхэращи, ахэм щIэупщIэшхуэ щаIащ СССР-ми нэгъуэщI къэралхэми.

Балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэм и цIэр зэрахьэ Налшык къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым, Балъкъэр къэрал драмэ театрым, езым и фэеплъ музейм хэту къызэрагъэпэща псапащIэ фондым, нэгъуэщI щэнхабзэ IуэхущIапIэ зыбжанэми.

УщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым, къэкIуэнум хуэусам хуэдэу, Кулиевым и усыгъэр нобэми зэрыщIэщыгъуэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## Си сабиигъуэ лъахэ

**Къуэрш къащхъуэхэр зи куэщI си сабиигъуэ,**
**Иджы симыIэж Iэджэ здэщыпсэу!**
**Уэс лъащхьэхэр щIэщэтрэ жьыр щIэгъуагъуэу**
**Псы уэрхэр щызэдэжэ дуней псо!**

**Къыр нэзхэр зи жьэгу жьантIэу а дунейм**
**Иджыри хэIэбатэкъым лъыпслъыкIыр.**
**Иджыри сщIатэкъым а псори щыфI сэтейм**
**БдзапцIашэ гынкIэ цIыху зэрыщаукIыр.**

**КъеIакIэтэкъым жьыгъэ си ныбжьэгъухэм**
**Щыхуабэвэхи щIыIи - зы гъэнщIыгъуэт...**
**ЩынасыпыфIэт псори а си лъахэм**
**Уэлбани уэгъуи зыфIэфI жыгыу, зэгъхэт.**

## Анэ

**Мывалъэ лъагъуэу гъуэгу зэгъуэкIкIэ**
**И хьэблэ кIуэжу блокI бзылъхугъэ,**
**Сянэ и IэплIэр сигу къигъэкIыу,**
**Щожей и IэплIэ сабий дыгъэ.**

**Бзылъхугъэ блокIыр. Хамэ анэ.**
**Сыпхырехыжыр гъащIэ кIыхь,**
**Мэ гуакIуэ - ятIэу е хъэуану**
**СфIощI и щыгъынхэм къакIэрих.**

**Езырщи, гу къыслъимытэххэу,**
**Сабийр и бгъафэ щIекъузылIэ.**
**Къысщохъу дуней лъэпощхьэпохэм**
**Ящихъумэну ар елIалIэ.**

**Жыжьаплъэм анэр хокIуэтэжыр.**
**Дунейрщи, къокIэрахъуэ пхэнжу,**
**СфIощI щIым щылъапIэм я нэхъ пажэр**
**Абы и бгъафэ щыудэIужу.**

**Ар ес, елыпщIыр гузэвэгъуэм,**
**Къыпэплъэр сыт? Зыхуейр сыт Iыхьэ?**
**Жыжьащэ къокI абы и лъагъуэ,**
**ЛъэщIыгъуи вагъи лъэкIэ ихьу.**

**Ар блокI дунейр къызэригъэщIрэ,**
**И Iэблэ махэ - IэплIэ лъэщкIэ**
**А сэ зблиха сабийм ещхьыщэу,**
**ИгъафIэу псэм и шэжэгъэкIэ.**

**Заудыгъу дунеи, саби, пшэи,**
**ИрокIуэ анэ! Сэ къысщохъу:**
**Лъэ макъыр кIащхъэурэ увыIэу,**
**Къурш тхъуахэм я щхьэ къыхуагъэщхъ.**

* * *

**Аргуэру дыгъэр, уэздыгъейхэр, бзухэр...**
**Нэху щащ аргуэру, жэщым ар и фIыщIэщ -**
**Мыгъуагъэ гуэр къызэрыдэмыкIуар...**
**Сэ сщIэжкъэ жэщым къытлъихьэнкIэ хъуну**
**Хьэзабрэ гуауэу щыIэр щыятар!**
**Ныжэбэ кIуам мамыру дыжеяти,**
**Абы и щытхъур сэ хуэсхьынут гъащIэм:**
**Жэщ итхри, нэхулъэфIым дытехьащи,**
**Ди мамыр лъахэр зауэм щыхъумащи,**
**ВакIуэлIыр ешри жейм хилъэфэжащи,**
**Напэ текIыгъуэм си псэр щихъумащи...**

* * *

**Жэщ! Уэ IейкIэ укъытхуэдэлъэжу,**
**КъыдэпщIэкIтэкъым ныбэ гукъеуэ,**

**Нэхущ гъуэзым ущыхэгъуэщэжми,**
**Iуащхьэ щыгум тедие щыхьыщIэу,**
**Иумэзыхырт дыгъэщIэр уэгу жьауэм.**

**Жэщ! Тхьэ фIыщIэ. Трелъ ар уи напщIэ:**
**Къэбгъэхъуакъыми къэхъункIэ хъун фэбжьи,**
**Я щхъуантIагъэхэр дыгъэм пэпщIыпщIу**
**Тхушэ лъагэхэр щыму зэхэтщи.**

**ВагъэщIапIэхэм гуэдз къызэпхокIри,**
**Гузэвэгъуэхэм си щхьэ пыIуокIри.**

* * *

**Дунейм нэ гуапэ дыдэкIэ фыIуплъэ,**
**Фи псалъэ гуапэу, фи пщIэнтIэпс хьэлэлу.**
**ФIыIущIэм делэ - къывиплъынщ делафэ,**
**ЦIыху егъум къыффIищынущ-тIэ «пэцихуэ».**

**Насыпыр зи Iэпэгъур цIыху гуапагъэрщ,**
**ИкIэм-икIэж Iейм нэхъри фIыр нэхъ лъэщщ.**
**Дыгъужь лъыпс дзэпкъыр йолIыхьыж и мащэ.**
**МафIэсыр жьым е псым зэтрауIэфIэж.**

**Зыгуэрым, фIэфIмэ, иремыщI гудзакъэ,**
**Iейр зи Iэужь щихъумэ я нэхъ Iейм!**
**ЩыхуцIэ зиIэр фIыгъэщ зыхущыIэр -**
**А зырщ дызыщIэлъэIур мы дунейм.**

*Усэхэр зэзыдзэкIар* **КЪАРМЭ Iэсиятщ.**



Щоджэнц Iыкъу Iэдэмрэ Кулиев Къайсынрэ.



Шортэн Аскэрбий и гъусэу.



Кулиев Къайсынрэ шэшэн усакIуэ Ахматовэ Раисэрэ. *1977 гъэ.*



Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Бэчыжь Лейла и гъусэу.









# Ди щIэблэм папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэгу щIалэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес и IэдакъэщIэкIхэм ятеухуа тхыгъэ ди газетым тету флъэгъуауэ къыщIэкIынщ.**

IЭУЕС илэжь IуэхуфIхэм пещэ, хегъахъуэ. Иджыблагъэ абы дигъэгуфIащ адыгэ сабийхэм яхуэгъэза къыдэкIыгъуэхэмкIэ. «Анэдэлъхубзэр къезыгъэлыр псалъэракъым, Iуэху зыщIэрщ», - жызыIар щымыуауэ къэплъытэ хъунущ.

Абы къыдигъэкIа хьэрфылъэ, IэрыцIалэ тхылъ цIыкIухэр апхуэдизкIэ дахэу, зыхуей хуэззэу щIащи, хьэрфхэр зымыцIыху сабийхэри дахьэх. Сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр хэплъыхьыпауэ къызэрыхахар зэ IуплъэгъуэкIэ нэрылъагъущ.

- Адыгэбзэ тхылъ цIыкIухэр сабийхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн зэрысщIыным, адыгэбзэм нэхъ пщIэ зэрыхуезгъэщIыным сыхущIэкъуащ, - къыджеIэ Iэуес.

Хьэрфылъэхэм куэд щIауэ солэжь. СиIэ Iэмалхэм елъытауэ, хьэрфхэр къызэрыдэзмыгъэкIа лIэужьыгъуэ щыIэкъым (зэм блынфIэдзэу, зэм мозайкэ щыкIэу щIарэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу зэпкърылъхьэн хуейуэ, зэми карточкэу сщIауэ щытащ). Дапщэщи зэбграхащ. Иджы тхылъ щхьэхуэу, сурэт цIыкIухэри щIыгъужу, къыдэзгъэкIащи, цIыхухэм ягу ирихьу ящэху.

Сабийм бзэр егъэщIэнымкIэ IэрыцIалэ цIыкIури сэбэп хъунущ. Сурэтыр абы ицIэлэху, хьэрфхэм и нэр зэ нэхъ мыхъуми техуэнщи, псалъэм къеджэнщ, итIанэ къыкIэлъыкIуэм, апхуэдэурэ псалъэ зыбжанэ игу къинэми хъарзынэщ.

Пэжщ, мы Iуэхум ахъшэ токIуадэ, абыкIэ щIэгъэкъуэн сызэримыIэм къыхэкIыу, экзеплярищэурэщ къызэрысхудэгъэкIыр. Къуажэхэм сазэрылъэмыIэсыфыр сигу къоуэ. Си хъуэпсапIэщ мы тхылъхэр мин бжыгъэкIэ теддзэу, сабий сад псоми яхуэзгуэшыну.

Сэ мы Iуэхум нэхъыбэу сыщIелэжьыр щIэблэм къагъэсэбэпын, бзэр зэрызэрагъэщIэн тхылъ яIэн папщIэщ - жеIэ абы.

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Тхьэкъуахъуэ Iэуес адыгэ дамыгъэхэр зытет пасэрей хьэпшыпхэр зэхуихьэсын щIидзати, дихьэхри, езыми адыгэ бгъэхэIухэр иригъэщI хъуащ. Мы махуэкIэ абы ищIауэ щыIэщ Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж, Адыгэ тхыбзэм, Адыгэ ныпым, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэхэм, ди лъэпкъым игъэлъапIэ нэгъуэщI махуэхэми я дамыгъэхэр зытет бгъэхэIу екIухэр. Апхуэдэуи абы шархэм адыгэ ныпхэр, зэрытхэ тетрадхэми адыгэ дамыгъэхэр трегъадзэ.

Тхьэкъуахъуэм и тхылъхэр Налшык къалэм дэт «Адыгэ унэ», «Твоя книга», «Центр книга» тыкуэнхэм къыщывгъуэтыфынущ.

МурадыфI зиIэ щIалэм и Iуэху ефIэкIуэну ди гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри*
**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ** *ейщ.*

# Зы лъэбакъуэкIэ къокIуэтыж

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 29-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Зубов (Азов), Охрименкэ (Мейкъуапэ), Головченкэ (Дон Iус Ростов).

***«Спартак-Налшык»:*** Сиукаев, Ольмезов, Белоусов, Лелюкаев, Хьэшыр, Ашуев (ЛIуп, 70), Жангуразов, Масленников, Торосян (Черткоев, 65), Дэхъу (Топурие, 46), ХъутIэ.

***«Биолог-Новокубанск»:*** Суворов, Каргин, Панченкэ, Пунегов, Пириев, Гребенюков, Юшко, Темуков (Голубцов, 86), Борисов (Черчесов, 81), Степанов (Устинов, 61; Никитин, 86), Переверзев.

***Топыр дигъэкIащ*** Каргиным, 26 (0:1).

***Дагъуэ къыхуащIащ:*** Хьэшырым, Лелюкаевым, Борисовым, ХъутIэм.

***Джэгум къыхахуащ*** Хьэшырыр.





*Сурэтыр* **УЭЛДЖЫР Артур** *ейщ.*

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и епщыкIутхуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэм хэту жэпуэгъуэм и 29-м «Спартак-Налшыкым» и унэ къыщригъэблэгъащ турнир таблицэм и гъусэу къыщыдэкIуэ Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-р.

ЗэпэщIэтыныгъэр гупхэм жыджэрагъыщхуэ къамыгъэлъагъуэу ирагъэжьащ. ХьэщIэхэм захъумэжыным къаруушхуэ хухахат - гупышхуэу я лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыдауэ контратакэхэр нэхъ тегъэщIапIэ ящIырт.

Япэ дакъикъэ пщыкIутхур дэкIауэ ди щIалэхэм ебгъэрыкIуэныгъэ къызэрагъэпэщащ. ХъутIэ Анзор топыр иIыгъыу штрафнойм ихьэри, еуэну зыщигъэхьэзырым хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм къызэпаудащ. «Спартак-Налшыкыр» хьэщIэхэм нэхъ ятегуплIэ хъуат икIи абы къыхэкIыу ди щIалэхэр зэуэ топхэм ящыщ куэдыр угловойм ягъэкIуэн хуей хъурт. Абыхэм ящыщ зыр Ольмезовым игъэзэщIащ. Абы къыхита топым япэу нэсащ Масленниковыр, ауэ ар щхьэкIэ зэуа топыр зымащIэкIэ гъуэм щхьэпрылъэтащ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и някъуэр блэкIауэ хьэщIэхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ. Абы кърикIуа угловойр ди щIалэхэм къызэпаудащ. Дакъикъэ зыбжанэ дэкIри, ди штрафнойм пэмыжыжьэу дыдейхэм хабзэр къызэпаудын хуей хъуащ. Ар игъэзэщIэну дзыхь ирагъэзащ Переверзовым. «Биолог-Новокубанск»-м и гъуащхьауэм топыр Сиукаевым и гъуэм дигъэкIри, и командэр япэ иригъэщащ Каргиным - 0:1.

Бжыгъэр яхъумэн мурадкIэ, хьэщIэхэм аргуэру я лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыдэжащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Биолог-Новокубанск»-мрэ я иужьрей зэпэщIэтыныгъэхэм уриплъэжмэ, иджырей зэIущIэм ипэ итаиплIым ди щIалэхэр къыщыхагъэщIауэ щытащ. Иужьрейуэ Прогрессым щекIуэкIа зэIущIэм 3:2-уэ «Спартак-Налшыкым» къыщытекIуат.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэри япэр зэриухам хуэдэу къыщIидзэжащ - хьэщIэхэр сакъырт, бжыгъэр яхъумэрт, ди щIалэхэм джэгупIэ губгъуэр хуит къахуэхъуа пэтми, абы ехъулIэныгъэ къахуэзыхьын Iэмал кърагыртэкъым. «Биолог-Новокубанск»-м и гъуэм ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэкIэ зыбжанэрэ екIуэлIащ Хьэшырыр, ХъутIэр, Ольмезовыр, арщхьэкIэ дэтхэнэ зыми хуэфэщэн кIэух игъуэтыфакъым.

ЗэпэщIэтыныгъэм хухаха зэман нэхъыщхьэр иухыным дакъикъэ пщыкIутху нэхърэ нэхъыбэ къэмынэжауэ, и хьэрхуэрэгъум топыр къыщытрихым хабзэр къызэпиудын хуей хъуащ ХъутIэм. Абы гу лъызыта судьям Анзор дагъуэ къыхуищIащ.

Бжыгъэр зэхуэдэ ящIын мурадкIэ, кIэух дакъикъэхэм «Спартак-Налшыкым» ебгъэрыкIуэныгъэм и къару псори хухихащ. Апхуэдэ дыдэу текIуэныгъэ къахуэзыхь бжыгъэр зыIэщIагъэкIыну хуейтэкъым «Биолог-Новокубанск»-м и футболистхэми. Ди щIалэхэм я дэтхэнэ ебгъэрыкIуэныгъэри напIэзыпIэм зэрагъэужьыхыным хущIэкъурт хьэщIэхэр. Гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIа топхэр зымащIэкIэ гъуэм техуэртэкъым.

ЗэIущIэм и зэман нэхъыщхьэм къыщIагъуа иужьрей дыдэ дакъикъэм «Спартак-Налшыкым» щIэщхъу къыщыщIащ - хьэщIэхэм я штрафнойм иту топым щыщIэбэным, хабзэр къызэпиудащ Хьэшырым. ЗэпэщIэтыныгъэм и япэ Iыхьэм дагъуэ къызыхуащIа, налшыкдэсхэм я капитаным и дежкIэ иджырейр етIуанэти, судьям ар джэгум къыхихун хуей хъуащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ иужьу зэхэта адрей зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) - «**Алания-2**» (Владикавказ) - **0**:**3**, «**Форте**» (Таганрог) - «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **0**:**1**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **1**:**0**, «**Динамо**» (Ставрополь) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1**:**5**, «**Мэшыкъуэ КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Ротор**» (Волгоград) - **0**:**1**, «**Чайка**» (Песчанокопскэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1**:**0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Павловскэм щригъэкIуэкIынущ. ЩэкIуэгъуэм и 4-м ди щIалэхэр «Кубань Холдинг»-м IущIэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Черноморец»** | **15** | **11** | **3** | **1** | **34-11** | **36** |
| **2. «Чайка»** | **15** | **11** | **3** | **1** | **23-3** | **36** |
| **3. «Ротор»** | **15** | **9** | **3** | **3** | **32-14** | **30** |
| 4. «Кубань Холдинг» | 15 | 9 | 1 | 5 | 24-19 | 28 |
| 5. «Биолог-Новокубанск» | 14 | 7 | 4 | 3 | 20-13 | 25 |
| **6. «Спартак-Налшык»** | **15** | **6** | **4** | **5** | **28-22** | **22** |
| 7. «Форте» | 15 | 5 | 7 | 3 | 19-15 | 22 |
| 8. СКА | 15 | 5 | 5 | 5 | 14-15 | 20 |
| 9. «Дружба» | 14 | 4 | 3 | 7 | 15-21 | 15 |
| 10. «Динамо» Ст. | 15 | 2 | 7 | 6 | 16-24 | 13 |
| 11. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 15 | 3 | 4 | 8 | 16-26 | 13 |
| 12. «Легион» | 15 | 2 | 4 | 9 | 14-28 | 10 |
| 13. «Алания -2» | 15 | 2 | 4 | 9 | 13-30 | 10 |
| 14. «ЕсэнтIыгу» | 15 | 1 | 2 | 12 | 5-32 | 5 |



# ЦIЫКIУРАШ

Зыгъэхьэзырар ГУГЪУЭТ Заремэщ

**• ЩIэныгъэлI цIэрыIуэхэр**

# Эйнштейн



**Дуней псом щыцIэрыIуэщ Эйнштейн Альберт и цIэр. Фэри зэхэфхагъэнщ, и сурэтхэр щыфлъэгъуащ школым щадж тхылъхэм ярыту. И щIэныгъэм, и гъащIэм ятеухуауэ щIэщыгъуэ гуэрхэм фыщыдгъэгъуэзэнщ, фэри ахэр фигу ивубыдэ.**

ЭЙНШТЕЙН Альберт физикэмкIэ Нобель и саугъэтыр 1921 гъэм къихьауэ щытащ, физикэмкIэ щIэныгъэ лэжьыгъэ 300-м щIигъу, тхыдэмкIэ, философиемкIэ тхылъ куэд итхащ.

Эйнштейн спортыр фIэфIтэкъым. ЛэжьапIэ нэужьым Iэпкълъэпкъым зегъэгъэпсэхун, акъылыр гъэлэжьэн хуейуэ къилъытэрт. Iуэху гуэрым теухуауэ хэкIыпIэ имыгъуэтмэ, скрипкэ еуэрт. Абы иужькIэ зы гупсысэ бзыгъэ и щхьэм къихьэрт, езым зэрыжиIэмкIэ.

Мыр гъэщIэгъуэнщ: Эйнштейн автограф щхьэкIэ къелъэIухэм доллар зырыз къаIихырти, иужькIэ абыкIэ псапэ ищIэрт.



Эйнштейн Альберт жиIэрт цIыхур куэдрэ жеин хуейуэ, жей нэужьым и акъылыр куэдкIэ нэхъ бзыгъэу. ЦIыхур зэрыжеин хуейуэ медицинэм къигъэув сыхьэти 8-м ипIэкIэ, ар сыхьэти 10 - 11-кIэ жейрт. Абы фIэфIт махуэми щхьэукъуэну. Жейм Iуву хэмыхьэн щхьэкIэ, щыщхьэукъуэм деж гъущI фалъэрэ гъущI бжэмышхрэ къищтэрт. Жейм хилъафэмэ - фалъэмрэ бжэмышхымрэ макъ ирагъэщIу къыIэпыхурти, къэушыжырт.

Физикым и бзэгур къридзауэ зы сурэт гъэщIэгъуэн трахауэ щытащ. Абы хъыбар иIэщ. 1951 гъэм ар илъэс 72-рэ зэрыхъуар ягъэлъэпIауэ зэбгырыкIыжхэрт. Автомобилым итIысхьэжа пэтми, сурэттеххэмрэ журналистхэмрэ къепщIэкIауэ яутIыпщыжыртэкъым. «ГуфIэ!» жаIэу сурэттеххэр къытраубыдэрт. Щымыхъужым, Эйнштейн и бзэгур къахуридзащ, ар Сасс Артур и сурэттехымкIэ къиубыдащ. Физикым и сурэтхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ хъуари аращ. Езы Эйнштейни ар и гум ирихьати, и ныбжьэгъухэм яхуригъэхьырт, захуигъэщIагъуэу.

**ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.**

**• IуэрыIуатэ**

# Мазэм ит мэлыхъуэр



Зы беижь гуэрым мэл куэд иIэт. Абыхэм ящыщ зы хъушэ иIыгът щIалэ цIыкIум. Адрей мэлыхъуэ нэхъыжьхэр щIалэ цIыкIум къытеплъэ хъуртэкъым. ЗэгурыIуэри, унафэ ящIащ ар яукIыну. АрщхьэкIэ, мащэм ирадзэрэ ягъалIэмэ нэхъыфIу къалъытэжащ. Мащэшхуэ къатIри, ирадзащ. Жэщым мазэр къыщыщIэкIкIэ, щIалэ цIыкIум и нэр къытримыгъэкIыу еплъурэ елъэIурт къыдэIэпыкъуну, мащэм иришыжыну.

Апхуэдэурэ махуэ заул дэкIауэ, беижьыр къыдэкIащ, пщыIэхэр къиплъыхьыну. Мэлыхъуэхэм щIалэ цIыкIур щахимылъагъуэм:

- Дэнэ щыIэ мэлыхъуэ щIалэ цIыкIур? - жиIэри еупщIащ адрейхэм.

Зыри щыжамыIэм:

- Къэвгъуэт, дэни къифхи! - ткIийуэ яхуегъэув беижьым.

Езыр ежьащ щIалэ цIыкIум и цIэр жиIэурэ гуоуэ. ЩIалэ цIыкIум ар щызэхихым, мащэм ерагъыу къигуоукIащ. Беижьым ар кърешыжри, мэлыхъуэхэм йошхыдэ.

Мазэр къыщыщIэкIым, щIалэ цIыкIум абы щхьэщэкIэ фIыщIэшхуэ хуищIащ, ажалым къызэрыригъэлам папщIэ. Иужьым щыдэплъейм фIэгъэщIэгъуэн дыдэ хъуащ - езым и сурэтыр мэл хъушэм и гъусэу мазэм къытещырт. Апхуэдэу зи лэжьыгъэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэта щIалэ цIыкIум и сурэтыр мазэм къинащ, и хъушэм и гъусэу.

# Дунеяплъэ ежьа мыIэрысэ

Таурыхъ



Псыежэх къабзэ цIыкIум и Iуфэм Iут мыIэрысейр зылъагъум и гур хохъуэ - узэхъуэпсэнщ сыт и лъэныкъуэкIи: псыр пэрыхьэту егъуэт, жьы къабзэр гуапэу къыщIеху, езым и зэманыгъуэщIэрэщIэгъуэ дахэщ. Илъэс ещанэ мэхъу къыпыкIэн зэрыщIидзэрэ, и пхъэщхьэмыщхьэхэр яхузэрымыгъэгъуэту зэрапхъуэ. Ар икIи гъэщIэгъуэнкъым: и къуэпс къаруфIэ къомымкIэ мыувыIэу щIым и IэфIыр, и къэуатыр къыщIефыкIри, и мыIэрысэхэм хуэдэ щыIэкъым. Фоупсщ, тхъуэплъышхуэ хъужахэу. Бжьыхьэ зэрыхъуу, цIыкIури инри къожэ. Псом япэ къос зэрызехьэрэ бжьэм хуэдэу зэщIэвууэ цIыкIу къомыр. Я ныби, я жыпи, я гуфIакIи якъуа нэужь, ахэр зы дыхьэшхэн гуэру зэкIэщIэпIиеу IуокIыжри, тхъэгъуэщ. Апхуэдэхэм деж мыIэрысейм и гур хэхъуэу куэдрэ якIэлъоплъ, сабийгъэгуфIэ сыхъуащ жеIэри.

Мы гъэми аращ - бэгъуащ мыIэрысэр. ФIэхуэр фIэлъщ, жыгыр кърищIыкIэхыным хуэдэу. А мыIэрысэ къомым щыщ зы щIоупщIэ я Iуэху зэрыхъунум: дыкъыпыкIащ, зыкъыдоужь, нос ди хъугъуэри, дохъу. АдэкIэ-щэ?

АдэкIэ къэхъунур къыщыжраIэм, игу ирихьакъым:

- Мис иджы сыхъуащ щыжысIэм, зыри сымылъэгъуарэ мынэгъуэщIу сыкIуэдыжыну... Сыхуейкъым сэ апхуэдэ гъащIэ!

- Уа, ар щхьэ жыпIэххэрэ, - къыхуадэркъым адрей и мыIэрысэгъухэм, - IэфIу дашхмэ, аракъэ дэркIэ насыпыр? Зыми ди гугъу къимыщIу, дэр-дэру дыфыжрэ дыкIуэдыжмэ, абы щыгъуэ дыунэхъуауэ аракъэ?!

- Сэри сыхуейщ зыгуэрым сэбэп сыхуэхъуну, я гур хэхъуэу IэфIу сашхыну. Ауэ абы фIэкIа зыри сымылъэгъуауэ, дауэ сызэрыкIуэдыжынур? Щхьэи сыкъытехьэхха итIанэ сэ мы дунейм?! - жи мыдрейм.

Ар жеIэри, дунеяплъэ ежьэну мурад ещI мыIэрысэм. ЗиIуантIэм-зишантIэурэ зыкъыпегъэху. А ищIэр зэрыделагъэр къыжраIэ пэтми, едаIуэркъым: къыфIэщIырт адрейхэр псори делэу, езым и закъуэ губзыгъэу.

Арати, зыкъыпегъэхури, тIэу-щэ хуэдизрэ щIым лъэIэсурэ къегъэлъеиж, псым хокIэрахъуэри, епхъуатэ. Здахьри щIахьри къыгурымыIуэурэ, мывэ зэжьэхэуэхэми зэхаубэрэжьауэ, етIуанэ махуэм ныджэм къытредзэ ар.

Къуаргъыр нэ жанкъэ-тIэ, аращ псом япэ гу къылъызытар мыIэрысэм. Зыкърегъэхуэх, къепхъуатэри, зеIэтыж. АрщхьэкIэ, куэд дэмыкIыу абы и нэм къыфIонэ зы дзыгъуэ быртIымышхуэ. И жьэм жьэдэлъыр къызыжьэдегъэхури, абы зыкIэлъыредзых. Дунеяплъэ ежьа мыIэрысэр иджы мэз куум къыщыщIедзыж. Насып иIэти, удз щабэм хэхуэри, зыри къыщыщIатэкъым. Ауэ хэт абы и бгъум зыщызыгъэхъейр, цы щабэ IэшкIэшхуэ хуэдэу? УэI, тхьэкIумэкIыхь! ТхъэжыгъуэшхуэI къехъулIауэ и гугъэжу, и нэр къыщипхъуауэ зредз абы мыIэрысэм. АрщхьэкIэ...

АрщхьэкIэ, дэнэт тхьэкIумэкIыхь назэжь цIыкIум апхуэдэ насып щылъагъэсыр? Абы нэхъ мыкIуэмытэ щIэст мэз псом, итIани зы цыжьбанэшхуэжь гуэрым къещтэ. ТхьэкIумэкIыхь пэ щабэ цIыкIур йоплъри щытщ абы, ищIэнур имыщIэу. ЕIусэнущи, банэр къыхэуэнущ, пэплъэнущи - узэгуэудынумэ, узэгуигъэудынщ!

Арати, цыжьбанэм тхьэкIумэкIыхьыр зыщхьэщегъэкI, мыIэрысэр я унэ ехьри, пхъэщхьэмыщхьэхэр здэщылъ къуэгъэнапIэм щегъэтIылъ. ХуегъэтIылъ щIымахуэм.

Аращи, щылъщи, щылъщ мыIэрысэр, зыми и гугъу къищIыркъым. Щымыхъужыххэм, щIоупщIэ:

- Уа, щIэх дашхыну пIэрэ?

Зи гъусэу щылъхэр къыщодыхьэшх:

- Уэ пщIэуэ пIэрэ дэ дызэрыхъур зыхуэдизыр? Уи деж къэмысурэ щIымахуэри икIыу гъэмахуэ хуабэри къихьэу, уфыжынкIэ хъунущ!

МыIэрысэ тхьэмыщкIэр магъмэгуIэ, и Iэпэм йодзэкъэж:

- Сыту сынасыпыншэт! Си дунеяплъи, си нэгу зегъэужь мыгъуи кIуэдат, адрей мыIэрысэхэм срагъусэу жыгым сыпытыжамэ аратэкъэ. Адрейхэм хуэдэу, сэри зыгуэрым сыпичынти, сишхынт - псапэт, гуапэт. Аратэкъэ дэ дунейм дыкъыщIытехьар?

Иджы сыт?

Къыдыщылъхэм зэрыжаIа дыдэм хуэдэу хъуащ: щылъащ мыIэрысэр щIымахуэ псом, дунейм тетми темытми къэзыщIи и Iуэху къызезыхуи щымыIэу. Гъатхэр къыщысым, ину бжэр Iуихри, цыжьбанэр къыщIыхьащ. И пхъэщхьэмыщхьэ гъэтIылъыгъэхэр зэхидзурэ, ди мыIэрысэм щынэсым, и джабэр гуэфыкIауэ къыщIэкIри, бжэмкIэ щIиутIыпщыкIащ.

И нэм нэху къыщIидзэжат иджы, ауэ... АдэкIэ дауэ зэрыхъунур? ЕрагъмыгъуейкIэ зигъэджэрэзурэ, псыежэх хуэззэри, хэпкIащ. Уэрти, игъэкIэрахъуэм зэридзэурэ, и щхьэр егъэуназэри, зимыщIэжу ехь. ЗыкъыщищIэжар зыгуэр къеIущащэу къыщыфIэщIарщ. И нэр къызэтрехри, щIыпIэ къыщыхутар ицIыхуу къыщохъу. Мы псы Iуфэри, мы жыгри... Уарэ, мыр сыкъыщыхъуараи! КъызэрыщIэкIымкIэ, псыри езыр езыхьэжьаращ. Къуаргъым и деж къыщыщIэдзауэ, зыхьа псоми ипщэкIэ драхьеяти, псым кърихьэхыжащ. Ауэ гуфIа мыIэрысэр, ауэ гуфIа!

Ауэ, зыщIэгупсысыжри - нэщхъей къэхъужащ: псори сытым и мыхьэнэ, зыми Iумыхуэу кIуэдыжмэ?!

Асыхьэтым зы мэлыхъуэ щIалэ лъагъугъуафIэ дыдэ цIыкIу къыщхьэщохьэ. ЙоIэбыхри, къещтэ мыIэрысэр. И сэ жанымкIэ дахэу гуегъэж фа щIылъэныкъуэри, мыдрейр ешх - къехъулIащ дунейр къэзыкIухьа мыIэрысэм и хъуэпсапIэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**



Нэужьокъуэ Ахьмэд цIыкIу адыгэ фащэр йокIу!

# Макъамэр зи хъуэпсапIэ



Сыжажэ Астемыр Зеикъуэ къуажэм щыщщ, илъэс 15 мэхъу. Налшык къалэм щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ щыIэ еджапIэм и япэ курсым щIэсщ. ЗэрыцIыкIурэ фIэфIщ уэрэд жиIэну, фIыуэ илъагъу уэрэджыIакIуэхэм ядежьурти, гу къылъатащ макъ жьгъру дахэ зэриIэм. И анэм къыхуигъэдэхащ, тригъэгушхуащ уэрэдымрэ макъамэмрэ IэщIагъэ ищIыным. Япэ курсым щIэтIысхьа къудейуэ арами, Астемыр еджэным фIыуэ хэзэгъащ. Ар зэпеуэхэм хэтщ, пшыхьхэм, студентхэм я зэIущIэхэм уэрэд щыжеIэ. «Сэ си насып кърихьэкIащи, егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм сагъасэ. Дэтхэнэми и псэр и лэжьыгъэм зэрыхилъхьэр, дэ - ирагъаджэхэм - къыдэхъулIэIамэ, егъэлеяуэ зэрыгуфIэр долъагъу», - жеIэ Астемыр. ЩIалэм нэхъыбэу къыдэлажьэр уэрэд жыIэнымкIэ езыгъаджэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ Таукеновэ Галинэщ. УэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэм фIы дыдэу елъагъу, куэдрэ жиIэну фIэфIщ ХьэIупэ ДжэбрэIил итха «Къэбэрдей» уэрэдыр. Щапхъэу иIэщ Нэхущ Чэрим, Таукеновэ Галинэ, Даур Иринэ сымэ. «ЦIыхухэм я гум уэрэдкIэ сыдыхьэну сыхуейщ», - жеIэ Астемыр.

**НАФIЭДЗ Данэ.**

# Къуажэхьхэр



ЦIыкIуми,
И щхьэр епIыжыф.
ЗекIуи макIуэ -
КъокIуэжыф.

(ХъумпIэщIадж)

КIапсэрыкIуэ -
Щихъ бэлыхьщ,
ФIы кърикIуэ -
Къытхуоджых.

(Бадж)

ИIэщ напи
Ар си гуапэщ,
Лъабэ цIыкIукIэ
ЗетхьэщIыф.
ЩакIуэ Iэзэу

Дадэкъуапэщ,
Зэщэр Iэзэу
Къеубыдыф.

(Джэду)

Ар пэ лулэщ,
ЩабэрыкIуэщ,
Iущщ, губзыгъэщ,
Уэт, кIэлопI!
Фи джэдэщми
КъыщыкIуэм
Къащти гъащтэ,
ФиIэм щIопщ!

(Бажэ)

ЖиIэм ар
ХущIемыгъуэж.
А тхьэмыщкIэ
Хъарып цIыкIум
Езым и цIэ
ИреIуэж.

(КIыгугу)

Ар мэуIуэ,
Ар мэIущэ
Джыди уади
ИмыIыгъ.
ЛэжьакIуэжьу
Еш зымыщIэщ,
Жыгыу щыIэм
Я дохутырщ.

(ЖыгыIу)

*АФIЭУНЭ Лиуан.*

# Псалъэзэблэдз

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | | |
| | | 2 | | | |
| 3 | | | | | |
| | 4 | | | | |
| 5 | | | | | |
| | 6 | | | | |
| | 7 | | | | |

**Пэжу ифтхэмэ, къехыу фыкъеджэнущ - жэпуэгъуэ**

**1**. Фом нэхърэ нэхъ IэфI, бдзапцIэм нэхърэ нэхъ хьэлъэ, уи щIыб иплъхьэм пхуэмыхь, бэзэрым пхьами, ямыщэху. **2**. ЩабэрыкIуэ, мэз кIуэрей. **3**. Псым адрыщIкIэ цеиплъ къедзащ. **4**. Къырым къикI лъакъуэ кIыхь, ди унэ къихьэ тхьэджэд, хищэ къызэти уэстынщ. **5**. Хуабэ хъумэ - мэлыд, щIыIэ хъумэ - мэдий. **6**. ЦIу-цIу нэ къиж, гъуэмбым къижрей. **7**. КIуэ пэт бжьиз зымыкIу.

*Жэуапхэр:*
1. Жей; 2. Iэжьэ; 3. Пщэплъ; 4. Къру; 5. Бадзэ; 6. Дзыгъуэ; 7. Гущэ.

*Псалъэзэблэдзыр зыгъэхьэзырар* **БИЦУ Жаннэщ**.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр:
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.747
Заказыр №2198
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Марьянэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.
*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.